

---

**DAT LI KÒMANSE: 20 fevriye 2024**

**TIT RÈGLEMEN:**

*Asistans Finansyè pou Pasyan*

*Pou revize chak twazan pa:  
Konsèy Administrasyon Ministè*

**REVIZYON RIVE: 1ye mas 2027**

---

**RÈGLEMEN**

Se règleman Ministè a (ak chak Ministè Trinity Health) pou li satisfè bezwen Asistans Finansyè ak sipò pasyan yo pou sèvis ijans ak sèvis ki pa ochwa ki nesèsè medikalman ke yo resevwa dapre lalwa eta oswa federal ki aplikab. Kalifikasyon pou Asistans Finansyè ak sipò nan men Ministè a detèmine sou yon baz pèsònèl dapre kritè detaye ansanm ak evalyasyon epi estimasyon bezwen swen sante, resous finansyè ak obligasyon pasyan an ak/oswa fanmi an. Trinity Health ap tann peman pou sèvis nan men moun ki Kapab Peye (jan sa defini nan Règleman sa a).

**I. Kritè Kalifikasyon pou Asistans Finansyè**

Asistans Finansyè ki dekri nan seksyon sa a bay pasyan ki abite nan Zòn Sèvis la (jan sa defini nan Règleman sa a). Anplis de sa, Ministè a pral bay pasyan yo Asistans Finansyè ki soti andeyò zòn Sèvis yo a, ki kalifye dapre Règleman sou Asistans Finansyè Ministè a (Fianancial Assistance Policy, FAP) epi ki prezante ak yon kondisyon ijan oswa ki mete lavi an danje epi ki resevwa Swen Medikal an Ijans.

Trinity Health pral bay Asistans Finansyè pou sèvis nan yon etablisman lopital (ak ladann sèvis yo bay nan etablisman lopital la pa yon antite ki gen anpil relasyon) epi Ministè a pral bay Asistans Finansyè pou sèvis annapre yo:

**A. Tout Swen Medikalman Nesèsè ak Swen Medikal an Ijans pou**

1. pasyan ki peye pou pwòp tèt yo ki aplike epi ke yo detèmine ki kalifye pou Asistans Finansyè, epi

2. pasyan yo sipoze ki elijib pou asistans finansyè.

B. Sèten peman yo dwe resevwa nan men pasyan ki gen kouvèti yon peyè/asirè ke Ministè a ap patisipe/gen kontra avèk li jan sa di nan Règleman sa a.

Yo pral bay tout pasyan ki prezante nan depatman ijans lopital Ministè a Sèvis Swen Medikal Ijans, kèlkeswa kapasite pou peye oswa sous peman pasyan an. Swen medikal sa yo ap kontinye jis kondisyon pasyan an estabilize, anvan nenpòt ki desizyon sou aranjman pou peman an.

Sèvis annapre yo pa kalifye pou Asistans Finansyè nan men Trinity Health:

- A. Sèvis kosmetik ak lòt pwosedi ak sèvis ochwa ki pa Swen Medikalman Nesesè.
- B. Sèvis Ministè a pa bay ak faktire (pa egzanp, sèvis doktè endepandan, swen enfimyè prive, transpò anbilans, elatriye).
- C. Ministè a kapab retire sèvis ki kouvri pa yon pwogram asirans, ak ladann sèvis ki kouvri lè se yon lòt founisè ki bay yo, men ki pa kouvri pa lopital Ministè Trinity Health yo; a kondisyon ke obligasyon federal pou yo respekte Lwa Tretman Medikal Ijans ak Akouchman Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA).

Pasyan annapre yo kalifye pou Asistans Finansyè nan men Trinity Health:

- A. Pasyan ki pa Asire ki gen Revni Fanmi ki rive oswa pi ba pase 200% Nivo Federal Povrete (Federal Poverty Level, FPL) ap kalifye pou yon rabè 100% sou frè pou sèvis yo resevwa yo.
- B. Pasyan ki pa Asire ak Pasyan ki Asire k ap resevwa sèvis nan eta yo ki gen pi gwo pousantaj rabè sou Revni Fanmi yo ap kalifye pou yon rabè sou frè pou sèvis yo resevwa yo.
- C. Pasyan ki pa Asire ki gen Revni Fanmi ki pi wo pase 200% FPL epi ki pa depase 400% FPL (oswa pi gwo % lalwa eta a egzije, si sa aplikab) ap kalifye pou yon rabè sou frè pou sèvis yo resevwa yo. Yon pasyan kalifye nan nivo Asistans Finansyè sa a, yo pap faktire li plis pase Lajan Faktire an Jeneral (Amount Generally Billed, AGB) la.
- D. Pasyan ki Asire yo ki gen Revni Fanmi ki rive oswa pi ba pase 400% FPL a ap kalifye pou Asistans Finansyè pou kantite lajan ko-peman, franchiz, ak ko-asirans, depi aranjman kontra avèk konpayi asirans pasyan an pa entèdi bay asistans sa a.

Yo bay Asistans Finansyè tou pou pasyan ki medikalman pa gen mwayen. Yon pasyan ki medikalman pa gen mwayen se yon pasyan ki gen asirans ki aplike pou Asistans Finansyè, epi poutèt sikonstans katastwofik, depans medikal pou yon epizòd swen depase 20% Revni Fanmi an. Montan ki depase 20% Revni Fanmi an (oswa % pi ba lwa eta a egzije, si sa aplikab) ap kalifye ko-peman, ko-asirans, ak franchiz pasyan ki gen asirans lan pou Asistans Finansyè. Rabè pou sak pa ben mwayen ke yo bay moun ki pa gen asirans pap mwens ke sa AGB Ministè a pou sèvis yo bay yo oswa yon kantite lajan ki mennen rapò ant depans medikal katastwofik yo ak Revni Fanmi pasyan an retounen a 20%.

## **II. Baz pou Kalkile Kantite Lajan yo Faktire Pasyan yo**

Pasyan ki kalifye pou Asistans Finansyè p ap peye plis pase AGB pou ijans ak lòt swen medikal ki nesèsè. Trinity Health itilize yon metòd retrospektif pou kalkile AGB a lè li divize total demann ranbousman Medicare peye yo pa total frè brit ke yo soumèt yo, dapre Kòd Revni Entèn Seksyon 501(r).

Ou ka jwenn yon kopi deskripsyon kalkil AGB ak pousantaj (yo) gratis sou sitwèb Ministè a oswa lè w rele Sant Sèvis Biznis Pasyan an nan 800-494-5797.

## **III. Metòd pou Aplike pou Asistans Finansyè**

Yon pasyan kapab kalifye pou Asistans Finansyè lè li bay yon Aplikasyon FAP ranpli, oswa atravè kalifikasyon sipoze pa evalyasyon. Kalifikasyon an baze sou evalyasyon bezwen swen sante, resous finansyè ak obligasyon pasyan an ak/oswa fanmi an nan dat sèvis la. Yon pasyan ke yo detèmine ki kalifye pral kapab benefisye yon asistans finansyè pou sis mwa soti nan premye dat sèvis ke yo detèmine ke pasyan an kalifye pou asistans finansyè a.

Kalifikasyon pou Asistans Finansyè mande koperasyon konplè pasyan an pandan pwosesis aplikasyon an, si sa aplikab, ak ladann:

- A. Konplete Aplikasyon FAP a, ak ladann soumèt tout dokiman obligatwa yo; epi
- B. Patisipasyon nan pwosesis aplikasyon an pou tout asistans ki disponib, ak ladann, men pa sèlman, Asistans Finansyè gouvènmantal ak lòt pwogram.

Ministè a pral fè efò pozitif pou ede pasyan yo aplike pou pwogram piblik ak prive ke yo ka kalifye pou yo epi ki ka ede yo jwenn epi peye pou sèvis swen sante. Ministè a kapab konsidere ofri yon asistans Premium pandan yon peryòd tan limite si yo apwouve pasyan an pou li resevwa Asistans Finansyè.

Ministè a pral avèti pasyan yo ki soumèt yon Aplikasyon FAP ki pa konplè epi li pral presize enfòmasyon anplis ak/oswa dokiman ki nesèsè pou konplete pwosesis aplikasyon an, ki dwe bay nan lespas 30 jou.

Ministè a rezève dwa pou refize Asistans Finansyè si yo pa resevwa Aplikasyon FAP a nan Peryòd Aplikasyon an.

Pasyan ki vle aplike pou Asistans Finansyè ka jwenn yon kopi Aplikasyon FAP gratis jan yo di annapre a:

- A. Mande yon kopi Aplikasyon FAP nan Admisyon, Depatman Ijans la, oswa yon Konseye Finansyè nan kote yo te bay sèvis la;
- B. Telechaje epi enprime Aplikasyon FAP a sou sitwèb Ministè a;
- C. Soumèt yon demann alekri bay Sant Sèvis Biznis Pasyan yo nan adrès aktyèl ki afiche sou sitwèb la epi ki nan avi ak aplikasyon pou FAP a; oswa

- D. Rele Sant Sèvis Biznis Pasyan an nan 800-494-5797 oswa nimewo telefòn aktyèl ki afiche sou sitwèb la epi ki nan avi ak aplikasyon pou FAP a.

#### **IV. Detèminasyon Kalifikasyon**

Trinity Health pral itilize yon modèl prediksyon pou kalifye pasyan yo pou Asistans Finansyè sipozeman. Kalifikasyon sipoze pou Asistans Finansyè a kapab detèmine nan nenpòt moman nan sik revni a.

Si yo detèmine ke yon pasyan pa kalifye pou Asistans Finansyè oswa kalifye pou mwens pase asistans ki pi gwo ki disponib dapre FAP a, Trinity Health pral:

- A. Avèti pasyan an konsènan baz pou detèminasyon kalifikasyon ak kijan pasyan an ka fè apèl oswa aplike pou pi gwo asistans ki disponib dapre FAP a;
- B. Bay pasyan an omwen 30 jou pou fè apèl oswa aplike pou asistans ki pi gwo; epi
- C. Trete nenpòt Aplikasyon FAP konplè pasyan an soumèt rive nan fen Peryòd Aplikasyon an.

#### **V. Kominikasyon Efikas**

Ministè a pral mete afich epi montre bwochi ki bay enfòmasyon debaz sou FAP Ministè a nan lokal piblik yo nan Ministè a. Ministè a pral afiche FAP a, yon rezime nan lang klè, ak yon fòm aplikasyon sou sit entènèt Ministè a epi li pral mete FAP Ministè a, rezime lang klè ak fòm aplikasyon disponib pou pasyan yo sou demann.

#### **VI. Faktirasyon ak Pwosedi Koleksyon**

Ministè a pral aplike pratik bòdwo ak koleksyon pou obligasyon peman pasyan yo ki jis, ki konsistan epi ki konfòm ak règleman leta ak federal yo. Aksyon yo ke Trinity Health ka pran nan ka peman pa fèt yo dekri nan yon Pwosedi Faktirasyon ak Koleksyon separe. Ou ka jwenn yon kopi Pwosedi Faktirasyon ak Koleksyon an gratis lè w rele Sant Sèvis Biznis Pasyan an nan 800-494-5797 oswa pa demann sou imel . Trinity Health konfòm ak 501(r) epi lwa eta aplikab konsènan entèdiksyon ki konsène aksyon koleksyon ekstraòdinè kont moun yo detèmine ki kalifye pou asistans finansyè. Anplis de sa, sof si moun nan Kapab Peye, Trinity Health p ap pouswiv aksyon legal pou kolekte yon jijman, mete yon opozisyon legal sou pwopriyete yon moun oswa rapòte moun nan bay yon biwo kredi.

Si yon pasyan te fè peman pandan Peryòd Aplikasyon an ak anvan detèminasyon kalifikasyon an, Trinity Health ap ranbouse kantite lajan ki depase kantite asistans finansyè ki detèmine ke pasyan an kalifye pou li, sof si montan sa a mwens pase \$5.00.

#### **VII. Lis Founisè yo**

Yon lis founisè k ap bay Swen Medikal an Ijans oswa Swen Medikalman Nesesè nan etablisman lopital la ki presize ki founisè ki ofri Asistans Finansyè, jan sa dekri nan FAP a, ak sa yo ki pa fè sa, kenbe separe ak FAP sa a. Ou ka jwenn yon kopi Lis Founisè a, gratis, sou sitwèb Ministè a oswa lè w rele Sant Sèvis Biznis Pasyan an nan 800-494-5797.

## **VIII. Lòt Rabè**

Pasyan yo ki pa kalifye pou Asistans Finansyè, jan sa dekri nan Règleman sa a, epi ki resevwa swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè/ki pa ochwa, ka kalifye pou lòt kalite asistans Ministè a ofri. Lòt kalite asistans yo pa baze sou bezwen e yo pa fè pati Règleman Asistans Finansyè a epi yo bay yo sou desizyon Ministè a.

### **DIMANSYON/APLIKABLITE**

Sa se yon Règleman Miwa Trinity Health. Kidonk, chak Ministè ak Filyal nan Sistèm nan ki bay oswa faktire swen pasyan lopital yo dwe adopte Règleman Miwa sa a. Règleman Miwa sa a reflekte dispozisyon Règleman sou Finans 1, Règleman Asistans Finansyè Trinity Health nan tout sistèm lan. Òganizasyon Trinity Health ki bay oswa fè faktirasyon pou lòt kalite swen pasyan yo dwe adopte yon Règleman asistans finansyè pou satisfè bezwen kominote yo sèvi a epi ki bay asistans finansyè pou moun ki bezwen èd ak sipò finansyè.

Lwa eta a pral ranplase pwosedi yo nan tout sistèm nan epi Ministè a dwe aji konfòm ak lwa aplikab eta a.

Règleman an fèt pou ranpli angajman Ministè a pou:

- Bay aksè nan bon jan kalite sèvis swen sante avèk bon kè, diyite epi respè pou moun n ap sèvi yo, espesyalman pòv yo ak moun ki pa resevwa ase sèvis yo nan kominote nou yo.
- Pran swen tout moun, kèlkeswa kapasite yo pou peye pou sèvis; epi
- Ede pasyan ki pa ka peye pou yon pati oswa tout swen yo resevwa yo.

Ministè a se yon kominote moun k ap sèvi ansanm nan lespri Levanjil la kòm yon prezans konpasyon ak transfòmasyon gerizon nan kominote nou yo. An akò ak Valè Debaz nou yo, espesyalman sa ki nan "Angajman anvè Moun Sa yo ki nan Povrete," nou bay swen pou moun ki nan bezwen epi bay konsiderasyon espesyal pou moun ki pi vilnerab yo, tankou moun ki pa kapab peye ak moun ki gen mwayen limite rann li trè difisil pou yo fè fas ak depans swen sante ki fèt yo.

### **DEFINISYON**

#### **Kapab Peye vle di**

- a. Yon moun ke yo te detèmine ki pa kalifye pou Medicaid atravè yon pwosesis seleksyon aplikasyon Medicaid oswa ki te resevwa yon refi Pwogram Eta Medicaid pou benefis Medicaid yo.
  - Trinity Health pa mande ke yon moun aplike pou Medicaid kòm yon pre-kondisyon pou Asistans Finansyè.
- b. Yon moun ke yo te detèmine ki pa kalifye pou Asistans Finansyè apre revizyon Aplikasyon an.

- c. Yon moun ki pa te aplike pou asistans finansyè apre Peryòd Aplikasyon pou Asistans Finansyè a ekspire.
- d. Yon moun ki refize ranpli yon Aplikasyon oswa kolabore nan pwosesis Aplikasyon pou Asistans Finansyè a.

**Montan Faktire Jeneralman (Amount Generally Billed, "AGB")** vle di kantite lajan yo jeneralman faktire pou swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè pou pasyan ki gen asirans ki kouvri swen sa yo, AGB swen grav ak doktè Ministè a pral kalkile ak yon metòd retrospektif ki se kalkile total reklamasyon peman Medicare yo divize pa frè total oswa "brit" pou reklamasyon sa yo pa Biwo Sistèm lan oswa Ministè a chak ane lè yo itilize douz mwa demann peman ak yon delè 30 jou and dat rapò a ak dat dènye ekzeyat lopital la.

**Peryòd Aplikasyon** kòmanse jou yo bay swen an epi li fini apre 240 jou apre dat sa a oswa youn nan sa yo --

- a. fen peryòd 30 jou yo bay pasyan ki kalifye pou mwens pase asistans ki gwo a ki disponib dapre estati Sipò Sipoze oswa kalifikasyon FAP anvan yo pou aplike pou asistans ki pi gwo.
- b. delè prevwa nan yon yon avi alekri ke apre li ECA yo kapab kòmanse.

**Swen Medikal an Ijans** jan sa defini nan Seksyon 1867 Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act) la. Pasyan k ap chèche swen pou yon kondisyon medikal an ijans nan yon lopital Trinity Health dwe trete san diskriminasyon epi san kenbe kont kapasite yon pasyan pou peye pou swen. Ministè a dwe fonksyone ann akò ak tout egzijans federal ak eta yo pou swen an ijans, ak ladann egzijans tès depistaj, tretman, ak transfè dapre Lwa federal sou Lwa Tretman Medikal Ijans ak Akouchman Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA).

**Revni Fanmi** vle di Revni Fanmi yon moun ak ladann Revni anyèl tout manm fanmi adilt ki nan kay la nan peryòd 12 mwa anvan an oswa nan ane fiskal anvan an jan yo montre sou dènye souch peman oswa deklarasyon taks sou revni ak lòt enfòmasyon. Pou pasyan ki poko gen 18 an, Revni Fanmi lan gen ladann Revni anyèl paran yo ak/oswa boparan yo, oswa Revni anyèl fanmi k ap okipe yo. Prè revni yo kapab detèmine lè w anyalize Revni Fanmi a depi kòmansman ane a, epi konsidere pousantaj revni aktyèl la.

**Asistans Finansyè** vle di sipò (charite, rabè, elatriye) yo bay pasyan yo pou ki sa ta yon difikilte pou peye pou tout pri sèvis medikalman nesèsè Trinity Health ofri yo ki satisfè kritè kalifikasyon yo pou asistans sa a.

**Règleman Asistans Finansyè ("Financial Assistance Policy, "FAP")** vle di yon règleman ak pwosedi alekri ki satisfè kondisyon ki dekri nan §1.501(r)-4(b).

**Aplikasyon Règleman Asistans Finansyè ("Aplikasyon FAP")** vle di enfòmasyon ak dokiman ki akonpaye yo ke yon pasyan soumèt pou aplike pou Asistans Finansyè dapre yon FAP Ministè a. Ministè a ka jwenn enfòmasyon nan men yon moun alekri oswa aloral (oswa yon konbinezon de tou de).

**Revni** gen ladan salè brit, salè, salè ak revni travay endepandan, konpansasyon pou chomaj, konpansasyon travayè, peman soti nan Sekirite Sosyal, asistans piblik, benefis veteran, sipò pou timoun, pansyon alimantè, asistans pou edikasyon, benefis sivivan, pansyon, revni retrèt, asirans regilye ak peman rant, revni ki soti nan byen imobilye ak lajan investi, kòb lwaye w resevwa, enterè/dividann, ak revni ki soti nan lòt sous divès kalite.

**Swen Medikalman Nesesè** vle di nenpòt sèvis swen sante oswa pwodui yon Ministè Trinity bay yon fason rezonab ke yon founisè detèmine ki nesèsè pou anpeche, fè dyagnostik oswa trete yon maladi, blesi, maladi oswa sentòm li yo. Swen Medikalman Nesesè pa gen ladann sèvis ochwa ki pa kouvri pa asirans aplikab/peman gouvènman an/plan sante pasyan an oswa pwosedi kosmetik pou amelyore atirans estetik yon pati kò a ki nòmal oswa kap fonksyone nòmalman.

**Ministè** (ke gen defwa yo rele Ministè Sante) se yon filial premye nivo (dirèk), yon sosyete afilye oswa yon divizyon operasyonèl Trinity Health ki gen yon ògan direktè responsab pou sipèviz jezyon chak jou yon pati deziyen nan operasyon Trinity Health System yo. Yon Ministè ka baze sou yon mache jeyografik oswa devouman pou yon liy sèvis oswa biznis. Ministè yo gen ladan yo Ministè Misyon, Ministè Nasyonal, ak Ministè Rejyonal yo.

**Règleman Miwa** vle di yon modèl règleman Trinity Health apwouve epi ke chak Ministè oblije adopte kòm yon règleman menm jan an, si sa apwopriye epi aplikab pou operasyon li yo, men li ka modifye fòm a pou montre preferans estil lokal yo oswa, depann de apwobasyon pa manm ELT ki responsab pou Règleman Miwa sa yo, konfòme yo ak lwa epi règleman eta a oswa lokal ki aplikab oswa kondisyon lisans ak akreditasyon.

**Règleman** vle di yon deklarasyon wo nivo sou kesyon ki enpòtan pou Trinity Health, Ministè li yo ak Filyal li yo oswa yon deklarasyon ki plis entèprete dokiman ki dirije Trinity Health, Ministè ak Filyal li yo. Règleman yo ka swa poukont yo, pou tout sistèm oswa Règleman Miwa ki deziyen pa ògan ki ap bay apwobasyon an.

**Pwosedi** vle di yon dokiman ki fèt pou aplike yon règleman oswa yon deskripsyon oswa pwosesis aksyon espesifik obligatwa yo.

**Zòn Sèvis** vle di mache prensipal yo ke Ministè yo bay sèvis. Yon lis kòd postal kote pasyan yo abite demontre sa.

**Estanda oswa Direktiv** vle di enstriksyon ak konsèy anplis ki ede nan aplikasyon Pwosedi yo, ki gen ladan sa yo ki devlope pa òganizasyon akreditasyon oswa pwofesyonèl yo.

**Filyal** vle di yon antite legal kote yon Ministè Trinity se sèl manm antrepriz oswa sèl aksyonè.

**Pasyan ki pa Asire** se yon moun ki pa gen asirans, pa gen kouvèti ak yon asirè tyès komèsyal, yon plan ERISA, yon Pwogram Federal Swen Sante (ak ladann san limitasyon Medicare, Medicaid, SCHIP, ak CHAMPUS), Konpansasyon Travayè, oswa lòt asistans tyès pati pou kouvri tout oswa yon pati depans pou swen yo.

## **DEPATMAN RESPONSAB**

Ou ka jwenn plis konsèy konsènan Règleman Miwa sa a nan men lidèchip egzekitif Ministè a.

## **APWOBASYON**

**Apwobasyon Inisyal:** 14 jen 2014, Komite Jesyon Konsèy Administrasyon Trinity Health

**Egzamen/Revizyon (yo) ki vin apre:** 18 septanm 2014; 1ye jiyè 2017; 8 desanm 2021, 6 desanm 2023, 20 fevriye 2024